

# COVID-19

## KONJE MALADI PEYE



### ANPLWAYE

Daprè lwa Gouvènè Cuomo te siyen, yo garanti travayè New York yo pwoteksyon travay ak konpansasyon finansyè pandanke yo nan yon **òdonans oswa prekosyon nan lòd karantèn** akòz COVID-19.

#### **OU GEN DWA A PWOTEKSYON AK BENEFIS KI ANNAPRÈ YO SI OU SIJÈ NAN YON ÓDONANS KARANTÈN OBLIGATWA OSWA PREKOSYON:**

Si wap travay pou yon biznis avèk **10 oswa mwens** anplwaye e li te genyen yon **revni nèt mwens pase \$1 milyon** ane pase ou kalifye pou li:

- Garanti pwoteksyon travay pandan tout dire òdonans karantèn lan.
- Konje Fanmi Peye (PFL) ak Benefis pou Andikap (DB) atravè règleman travay ou ki egziste deja. Ou pral resevwa salè w jiska yon maksimòm \$2,884.62 pa semèn pandan tout dire karantèn obligatwa oswa prekosyon an.

Si wap travay pou yon biznis avèk **10 oswa mwens** anplwaye e li te genyen yon **revni nèt piwo pase \$1 milyon** ane pase ou kalifye pou li:

- **Omwen 5 jou konje maladi peye** ak garanti pwoteksyon travay pandan tout dire òdonans karantèn lan.
- Apre jou konje peye sa yo, ou kalifye pou PFL ak DB atravè règleman travay ou ki egziste deja. Ou pral resevwa salè w jiska yon maksimòm \$2,884.62 pa semèn pandan tout dire karantèn obligatwa oswa prekosyon an.

Si wap travay pou yon biznis avèk **11-99** anplwaye ou gen dwa nan:

- **Omwen 5 jou konje maladi peye** ak garanti pwoteksyon travay pandan tout dire òdonans karantèn lan.
- Apre jou konje peye sa yo, ou kalifye pou PFL ak DB atravè règleman travay ou ki egziste deja. Ou pral resevwa salè w jiska yon maksimòm \$2,884.62 pa semèn pandan tout dire karantèn obligatwa oswa prekosyon an.

Si wap travay pou yon biznis avèk **100 oswa plis** anplwaye ou gen dwa nan:

- Garanti pwoteksyon travay pandan tout dire òdonans karantèn lan.
- **Omwen 14 jou konje maladi peye**

Si wap travay pou yon travay piblik (kèlkeswa kantite anplwaye) ou kalifye pou:

- **Omwen 14 jou konje maladi peye.**

#### **NÓT ENPÒTAN:**

- **Si ou an karantèn e ou ka travay lakay ou, ou pa kalifye pou benefis sa yo.**
- Si biznis ou fèmen akòz COVID-19, anplwaye ou yo ka aplike touswit pou Asirans Chomaj.
- Ou ka kalifye pou lòt konje anplis daprè PFL ak DB. Rele liy telefòn dirèk la pou w jwenn plis enfòmasyon.

#### **KESYON:**

Pou w jwenn plis enfòmasyon ale nan [ny.gov/COVIDpaysickleave](https://ny.gov/COVIDpaysickleave)

Novel Coronavirus (COVID-19) Liy Telefòn dirèk Konje Maladi Peye: **844-337-6303**